Казбековская районная газета
# Чапар
Вестник
12+ № 30 (9941) 4 август 2023 с. / Рузман 18 МухIаррам 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## Распоряжение

24. 07. 2023 г. №348

**О внесении изменений в распоряжение №188 от 05.05.2023 г. «О введении временного ограничения движения транспортных средств, осуществляющих перевозки туристических групп по автодороге местного значения «Миатли ГЭС-Зубутли»**

В связи с частичным проведением ремонтных работ на автомобильной дороге «Миатли ГЭС-Зубутли» протяженностью 14 км, в соответствии протокола заседания рабочей группы по рассмотрению вопроса реализации представления об устранениях причин и условий, способствовавших реализации угроз безопасности граждан и общественной безопасности (дорожного движения) от 05.07. 2023г.

1. Внести в распоряжение №188 от 05.05. 2023 г. «О введении временного ограничения движения транспортных средств, осуществляющих перевозки туристических групп по автодороге местного значения «Миатли ГЭС-Зубутли», следующие изменения и дополнения:

1.1. пункт 1 распоряжения изложить в следующей редакции:

«1. Ограничить движение транспортных средств используемых для перевозки пассажиров (туристов), имеющие, помимо места водителя, более 8 мест для сидения по автомобильной дороге «Миатли ГЭС-Зубутли», до устранения недостатков в транспортно-эксплуатационном состоянии автодороги местного значения.

2. Начальнику ОМВД России по Казбековскому району рекомендовать обеспечить исполнение настоящего распоряжения силами сотрудников ОМВД России по Казбековскому району.

3. Довести информацию о принятых мерах до Министерства по туризму и народным художественным промыслам Республики Дагестан для сведения.

4. Дагестанскому филиалу «РусГидро» рекомендовать оказать содействие сотрудникам ОМВД России по Казбековскому району в реализации настоящего распоряжения.

5. Опубликовать настоящее распоряжение в районной газете «Чапар» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района в сети интернет.

6. Распоряжение вступает в силу с момента его подписания.

7. Контроль исполнения настоящего распоряжения возложить на заместителя главы администрации муниципального района Нуцалова Б.С.

***И.о. главы администрации И.И. Шабазов***

## Иргадулаб данделъи тIобитIана

1 августалда, районалъул администрациялда ва администрациялъул бетIерасул ишал тIуралев И.И. Шабазовасул нухмалъиялда, тIобитIараб аппаратальул иргадулаб данделъиялда гIахьаллъана управлениязулгун отделазул начальникал, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Гьеб тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана районалъул ЖКХялъул объектал 2023-2024 соназул хасалихълъиялдегун хасалиде хIадур гьариялда, районалда Россиялъул пачалихъияблъун кколеб «ГIатIид гьарун кьолел баяназул миллияб система» хIалтIизабиялда ва гьелъул рихьизарииял районалда тIуразариялда, «Шагьаралъул шартIал» программаялда рекъон, жамгIиял бакIал къачIаялда ва «Лъайкьей цебетIезаби» программа тIубазабиялъе школазе капиталиял ремонтал гьариялда хурхарал суалал.

ТIоцебесеб суалалъул халгьаби 25 июлалда тIобитIараб данделъиялъул хал гьабиялде босун букIараблъиялъул, гьелъул цIикIкIараб кIвар букIиналъул ва гьеб нахъ бахъизе ккеялъул хIакъалъулъ нижеца газеталъул цебесеб номералда хъван букIана.

Гьеб суалалда тIасан гIатIидаб кIалъай гьениб гьабуна архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъе нухмалъулев ХIамзат ХIадаевас.

Нилъеда лъала хаслихълъиялдегун хасалиде хIадурлъиялъулъ гIемерал магIишатиял рахъазда хадуб халкквезеги гьенир ракIалда гьечIел лъугьа-бахъинал ккеялдаса цIуниялда тIад гIемераб хIалтIи гьабизеги кколеблъи. Кин бугониги, жеги гIезегIанал рахъал руго нилъеда раралльун гьечIел (халатаб заманалъ багIари, цIорой, тIабигIиял балагьал ккей ва гь.ц.), амма хIадур рукIине ккола, къокъаб заманалда, лъугьа-бахъиназул зарал дагьлъизабиялдагун тIагIинабиялде.

ХIамзатица данделъаразе баян кьуна, гьоркьобкъотIи гьечIого, районалъул росабалъ лъим, газ ва ток чIезабиялда, нухал рукIалиде рачиналда, гIемертIалаял рукъзабахъ хинлъи чIезабиялда сверухъ гьабурабгун гьабулеб бугеб хIалтIул. Гьес цифрабаздалъун рихьизаруна районалъул щибаб магIишатияб бутIаялда тIоритIарал хIалтIабазул къадар ва ккарал хIасилал.

ХIамзатица хасалихълъиялдегун хаслиде гьабулеб хIадурлъиялъул бицаралда тIасан И.И. Шабазовас абуна:

*«ХIадурлъиялде тIоритIулел ишал республикаялъе нухмалъулезул халкквеялда рукIин кIочене бегьуларо. Нилъеда тIадаб буго, тIалъиялъ рагIи абулареб къагIидаялда хIадурлъи гьабизе»*,-ян.

«Шагьаралъул шартIал» программа районалда тIубазабиялда сверухъ



бугеб ахIвал-хIалалъулги ХIамзатица бицана.

Гьес абуна: *«Шагьаралъул шартIал» программаялда рекъон, ИчкIа, Гертма ва Алмахъ росабалъ жамгIиял бакIал къачIаялда тIад хIалтIулел руго. Цогидал бакIаздаго гIадин, гьенирги чIезаризе руго хьвадизе санагIалъиялъе, хIухьбахъиялъе хIажатал шартIал. «Лъайкьей цебетIезаби» проекталда рекъон, капиталиял ремонтал гьарулел руго Дубки посёлокалъул, Калининаул росдал байбихьул ва Гъозталаялъул школазе»*,-ян. ХIамзатица гьеб суалалда хурхун, данделъаразе ремонтал гьаризе риччарал сурсатазул ва гьел хIалтIизариялъул баян кьуна.

Цебехун рехсараб пачалихъияб программа районалда тIубазабиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъаялъул суал. *ТIадехун рехсарабщинаб бетIералде бахъинабиялъе хIажатал субсидиял тIалаб гьариялъе документал хIадуриялда тIадги хIалтIулел руго.*

*Гьединго, районалъул администрациялъ хIадур гьабун буго росабазул гIурхъабазул баянал кьеялъул план-график»*,-ан.

АбичIого гIоларо, ХIамзатица гьарурал кIалъаязда, рагIа-ракьанде щварал, киналго рахъал рагьулел, гIенеккаразда чIалгIунарел, къокъал баянал рукIунинги гIенеккаразул суалазе гьес, чIванкъотIарал жавабалги кьунилан. Гьелъ бихьизабула гьесул гьабулеб ишалдехун жавабчилъиялъулаб бербалагьи букIин. Дир пикруялда, лъикI букIинаан цогидал кIалъазе рахъунезги гьесдаса мисал босани.

Федералияб законалъул (№518-фз, 30.12.2020 сон) цо-цо актазда гьарурал хиса-басиял тIуразариялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб бицана муниципалияб буголъиялъул, ракьул-



лъулъги гьениб ХIамзатица бицана.

Гьес абуна: *«Цогояб пачалихъияб хъвай-хъваялде росун руго Дилим, Ленинаул, Калининаул росабазул ва ЦIобокь сельсоветалъул гIурхъабазул баянал. Цо-цо гIунгутIаби гьоркьоса нахъеги гьарун, гьел Росреестралде ритIизеги руго.*

*Цогидал бакIал гьенире ккезариялъе сурсатал ралагьиялда тIад хIалтIулелги руго. БегIерго цебе чIараблъун ккола Гъозтала росдал генералияб план хIадуриялъул ва ракь хIалтIизабиялъулгун бакIал раялъул къагIидаби рихьизари*гунисел гьоркьорлъабазул отделалъул начальник Мансур Эмеевас. Аслияб къагIидаялда, гьес тIадчIей гьабуна цере хъвай-хъваялде росун рукIарал буголъиялъул объектазул бетIергьаби тIатинариялда сверухъ гьабулеб хIалтIиялда. Гьес бицаралда рекъон, цере хъвай-хъваялде росарал 671 объекталъул бетIергьаби лъазарулел руго.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал киналниги суалал рича-чвана ва рекъон кколел хIукмаби гьаруна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гьум. 2 ЦIада росулъе щвана
гьум. 3 Кумек гьабиялъе квербакъана
гьум. 4 Информация




# ЦIада росулъе щвана

Гьаб сон Расул ХIамзатовасул сонлъун бихьизабун букIиналде балагьун, нилъер районалъул гIуцIабазда тIоритIана ва тIоритIулел руго халкъияв шагIирасул гIумруялдагун гьесул творчествоялда хурхарал батIи-батIиял тадбирал. Гьел тIоритIиялъулъ хасаб бакI ккола культураялъул хIалтIухъабаз. Гьез лъималазул ахазул гьитIичаздасан байбихьун ва чIахIияб гIеланде гIунтIун, тIоритIулел тадбиразде гьорлъе цIала батIи-батIиял махщелазул гIадамал. Гьедин гьабулеб букIиналъ гьел тадбирал лъугьуна ракIал тIаде цIалеллъунги гьезие кIудияб асар гьабулеллъунги.

Гьеб киналдего тIадеги, нилъер культураялъул хIалтIухъабаз жигараб гIахьаллъи гьабула район тун къватIирехун тIоритIулел тадбираздаги.



Гьелъие нугIлъи гьабула дагьал церегIан къояз культураялъул хIалтIухъабазул къокъа Р. ХIамзатовасе гIагараблъун кколеб ЦIада росулъе щвеялъги.

Росулъе щвараб заманалда, халкъияв поэт вижараб, гьев гIураб росу, гьес яшав гьабулеб букIараб мина-свери, хIалтIизабулеб букIараб къайи-цIа, гьединго, алатал рихьараб мехалда, гьез рекIее кIудияб асар гьабичIев чи вукIунев ватиларо, нижер ракIазулъги бихьаралъ, узухъда, кIочонареб лъалкI тана.

Гьеб бакIалде щвеялъухъ балагьун чIун букIана Р. ХIамзатовасе 100 сон тIубаялде документалияб фильм «МагIарулав» бахъизе Москваялдаса бачIараб группаги.

ЦIадаса ХIамзатил рокъоб (музей) тIобитIараб дандчIваялда нижер къокъаялъ миллияб ретIелги ретIун, гьалбазда бихьизабуна Расулил кучIдуздасан гIуцIараб программа.

Расулил вацгIал ГIабдулпатахIица (цого-цо чIаго вугев) гьалбазе, Расул кIодо гьавиялъухъ, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.



Хадусан нижер къокъа Хунзахъ районалъул культураялъул отделалъул начальник Джавгьарат Хъайтмазовагун дандчIвана.

Гьелъ нижее бицана, Расулил сон лъазабун букIиналде балагьун, гьесие гIагарал Хунзахъ районалдагун гьелъул росабалъ, хасго ЦIада росулъ, тIоритIарал ва тIоритIизе ругел тадбиразул. Гьелдаса хадуб культураялъул хIалтIухъабазул къокъа щвана «Пакаро» хореографическияб ансамблялъул цебебахъин бахъулеб площадкаялде. Гьенирги нилъераз концерталъулал церерахъинал тIоритIана. Цадахъаб хIалтIи гьабизе рес кьуралъухъ Д. Хъайтмазовалъ нилъер районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасе баркала загьир гьабуна.

Гьелдаса хадуб ниж Хунзахъ районалъул туристазулал бакIаздеги щвана. Нижецаги Расулил ВатIаналде ва тарихиял бакIазде щвезе рес кьуралъухъ Хунзахъ районалъул администрациялъе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

*Рамазан Гьанищев,*
*ЦТКНРалъул директорасул заместитель*

*Лъайкьей*

# Экзаменазул хIасилал гьаруна

**Ахиралде щвана 9 ва 11 класс лъугIунез пачалихъиял экзаменал кьеялъул кампания. Исана гьенир гIемерал цIилъаби рукIана. Нилъер районалда 11 класс лъугIаразул Цогояб пачалихъияб экзамен (ЕГЭ) кьезе хIисабалда вукIана 119 чи, гьездаса 116 исана ва 3 цересел соназда школа лъугIарал рукIана. Аслияб пачалихъияб экзамен, ай ОГЭ, кьезе кколаан 640 цIалдохъанас.**

**2012 абилеб соналъул 29 абилеб декабралда къватIибе биччараб № 273 «Россиялда лъай кьеялъул хIакъалъулъ» Федералияб законалда рекъон, экзаменал кьеялъе киналго шартIал гIуцIун рукIана.**

Дир хIукму ккана экзаменал иналъул ва гьезул хIасилазул хIакъалъулъ цIалдолезе мухIканго бицине. Гьелъул хIакъикъат цIехон, дун щвана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул начальник МухIамадрасул Имамирзаевич МухIамаевасухъе ва гьенийго нилъер районалда пачалихъиял экзаменал кьеялъул жавабияй Пубайдат Дадаеваги ятана. 2010 абилеб сонналдаса нахъе гьелъ гIахьаллъи гьабулеб буго экзаменал кьеялъулъ, гьединлъидал гьелда лъидасаго лъикI лъала ва бичIчIула гьелъул къагIидаби.

*- ХIасилазул бициналде циндаго, гьелъие гьабураб хIадурлъиялъул ва гIуцIун рукIарал шартIазул баян кьезе ккела. Гьелъул жавабчилъи Пубайдат Зуркъанаевналда тIадбан букIиндал,* гьелъие кьезин цин рагIи,-ян абуна дир мурад бичIчIарав М.И. МухIамаевас.



Гьелъ гьадин бицана:

*- ЦIалул соналъул ахиралда тIоритIулел хIасилгьабиялъул экзаменазде жеги сон байбихьудасаго хIадурлъула. Экзаменал кьезе ругезул база, организаторазул сияхIал гIуцIула, пунктал хIадурула. ЦIалдохъабазе цо чанго нухалда школазул ва районалъул даражаялда хIалбихьиялъул экзаменал, организаторазе, гьенир гIахьаллъулел психологазе, медициналъул ва цогидалги кумекалъулал хIалтIухъабазе семинарал тIоритIула.*

*Умумузда гьоркьоб гьабулеб хIалтIуги цIакъ кIудияб букIана. Гьелгун гьарурал дандчIваязда мухIканго бицана ОГЭ ва ЕГЭ кьеялъул къагIидабазул, жалго эбел-инсул гьениб гIахьаллъиялъул, гьезул кIваралъул. ХIатта, хIалбихьиялъул ЕГЭ, гьелъул къагIидаби якъинго рихьизаризелъун, гьезиеги тIобитIана.*

*Къокъгьабун абуни, цIакъ хIалуцараб хIалтIи гьабуна районалда пачалихъиял экзаменал кьей гIадлуялда, низам цIунун, иналъе.*

*Исана выпускникал гIемер рукIиналъ, тIаде цоги пунктги жубана. Экзаменал кьеялъе Ленинаулалъул №1 школалда №153, Дилималъул гимназиялда №152 ва Хубаралда №151 пунктал хIадурана. ГьечIелъур видеокамерабилъуна, штабал ip-камераздалъун хьезаруна.*

**- ГIубайдат Зуркъанаевна, лъайкьеялъул министерствоялъул ва цогидалги халгьабиялъул хъулухъазул рахъалдасан кинабгIаги низам хвезабиялъул хIакъалъулъ бихьизабиго кканищ?**

*- Ахирисеб 5-6 соналъ нилъ республикаялдаго экзаменал тIадегIанаб даражаялда тIоритIулел муниципалиял гIуцIабазул цересел кьеразда руго. Исанаги гIадлу хвезабиялъул хIужаби ккечIо.*



**- ХIурматияв МухIамадрасул Имамирзаевич, кинал хIасилалха пачалихъиял экзаменазул ккарал?**

*- Гьай-гьай, исанасел хIасилазда дун цIакъ рази гьечIо. ЕГЭялъул хIасилал къадарал рукIиналъ, 6 выпускник аттестаталдаса махIрумлъана. Гьезда математикаялъул хIажатаб къадар баллазул босизе кIвечIо.*

*ЛъикIал хIасилал руго гIурус мацIалъул экзаменалъул. Гьеб киназго кьуна. Гьоркьохъеб балл 61,92 (республикаялдаго 8ялъ цIикIкIун) буго. Районалда бищун цIикIкIараб 97 балл Гуни росдал гимназиялъул цIалдохъан Салтанат Меджидовалъе щвана.*

*Обществознаниялъул экзаменалда гьоркьохъеб балл 55,31 (республикаялдаго 12,5 баллалъ цIикIкIун) щвана. 92 баллалъул хIалтIи Дилим росдал гимназиялдаса ПатIимат МахIамаевалъ хъвана.*

*Биологиялъул хIасилалги районалда республикаялъулалдаса 11 баллалъ цIикIкIарал руго. Бищун тIадегIанаб балл гьеб предметалъул ПатIимат Анасовалъ (Дилим, гимназия. 89 б.) босана.*

*Историялъул, ай тарихалъул, экзамен исана дагьалъ къадарго кьуна. Районалда гьоркьохъеб балл 42,73, республикаялъулалдаса гIицIго 1 баллалъ цIикIкIараб хIасил ккана.*

*Химиялъул предметалъул районалда гьоркьохъеб балл 61,54 (республикаялдаса 20 баллалъ цIикIкIун) буго. Бищун лъикIаб хIалтIи Ильяс Ибрагьимовасул (Дилим, лицей. 84 б.) букIана.*

*Киналго ЕГЭязул хIасилал гьаридал, районалда экзаменал кьуразул къадар 91,2 проценталде бахана. 20 цIалдохъанасул букIана 80-97 баллазул хIалтIаби.*

*ОГЭялъул, гIамго бицани, хIасилал дие цIакъ рекIее гIечIо. Нилъер лъимал гьелде хIадур гьечIолъи бихьана гьениб. ЦIалдохъабаз тIоцебесеб нухалъ экзаменал видеокамеразда гьоркь кьуна. Гьелъ батизе буго гьезул хIалалъа рахъинги, психологияб рахъалъ гIураб хIалтIиги гьелгун гьабун гьечIолъи бихьулеб букIара.*

*ЦIакъ нахъе ккараб буго лъималазул творческияб рахъ, цIалуде гьира. Гьединго эбел-инсул рахъалъ таса-махIлъи якъинлъана. МугIалимзабаз жив-жив цIалдохъангун гьабураб хIалтIиги гьениб гIей гьечIеблъун ккана.*

*Гьеб кинабго цIалул гIуцIабазул нухмалъулелгун гьабураб дандельиялда гьоркьоб лъуна, бадичIваял ва рекъарал хIукмаби гьаруна.*

**- Баркала, МухIамадрасул Имамирзаевич ва ГIубайдат Зуркъанаевна, хIасилгьабиялъул экзаменазул мухIканаб гара-чIвариялъухъ. Гьарула хадусел хIасилал гIезегIанго цIикIкIарал рукIине.**

*Динара Батиева*

*Инсан ва гIумру*

# Гьадинаб заманги букIана

Районалъул чIахIияб гIелалъе бицине кколаро Ленинаул росулъа ГIалиасхIаб ГIумарасхIабов щив чи кколевали. БукIаниги, чIахIиязда ракIалде щвеялъеги гIолеб гIелалда лъан букIинеги, гьанир рехсезе бокьун буго гьесул гIумрудул цо-цо бутIаби.

ГIалиасхIаб гьавуна 1948 соналъ Сталинаул (гьанжесеб Ленинаул) росулъ ГIумарасхIабилги Исиматилги хъизаналда. Росдал цогидал лъималазулго гIадинаб букIана гьесул лъимерлъиги. КIудияб хъизаналда (7 лъимер) гьоркьов гIурав гьес захIматалъулъе гали цудунго тIамуна. Школалда цIалулеб заманалда гьев колхозалъул хIалтIудеги хьвадулаан. Школа лъугIун хадув, ГIалиасхIаб ДГУялъул филологическияб факультеталде лъугьана. Гьеби лъугIизабун, гьев цин школалда цинги ЧIикIаб ГЭС балелъув хIалтIана. Гьениб гьесда лъана «Сулахъалъул кунчIиял» газеталда хIалтIизе хъвадарулел чагIи хIажат рукIин. Гьелдаса байбихьун, ГIалиасхIабица жиндирго гIумру хъвадариялда бухьинабуна. 1970 соналъ гьев «БагIараб Байрахъ» (гьанжесеб «ХIакъикъат») газеталъул мухбирлъун хIалтIизе лъугьана. Гьединго, гьев нильер, Гумбет, Хасавюрт районазул газетазул хасав мухбирлъунги жавабияв секретарьлъунги хIалтIана. ГIалиасхIаб машгьурав журналистлъун вахьана. Гьес КПССалъул ЦКялъул Ростовалда букIараб тIадегIанаб школаги лъугIизабуна. Чанго соналъ ГIалиасхIаб тIадехун рехсараб республикаялъул магIарулазул газеталъул жавабияв секретарьлъунги хIалтIана. 1992 соналъ гьесда тIадкъана Ленинаул росдал №1 школалъе директорлъи гьабизе. Щиб хIалтIуде тIамуниги, ГIалиасхIабица гьеб бажаризабун, бадичIвай гьабулареб къагIидаялда, гьабулаан.

Дагъал церегIан къояз нижехъе бачIараб кагътида СалихI СалихIовас (нижер штаталда гьечIев мухбир) хъвалеб буго цо дандчIваялда ГIалиасхIабица бицараб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ.

Гьеб букIун буго ГIалиасхIабил лъимерлъиялъул заман. ГIалиасхIабиеги гьесдаса дагьалъ кIудияв ва гьесулгун гIагарлъи бугев ГIабдукъадириеги цIакъ бокьун букIуна къаси киноялде ине, амма гьезухъ гIарац букIунаро, гьеб щвезе бакIги букIун гьечIо. (Цо чиясе 20 копеек хIажалъулаан.) Гьезул къотIи ккола, цIулакьоги бакIарун ва гьеби бичун, гIарац «гьабизе», амма гьезухъе цо банка гурони, цIулакьодул щоларо (гьелъухъ 20 копеек гурони щолароан). Гьеби бичун, гьезул къотIи ккола кIудияв ГIабдукъадир киноялде витIизе, ва хадусан киноялда букIаралъул хIакъалъулъ ГIалиасхIабие гьес бицине.

Гьедин къотIи–къай гьабулел рукIарал гьезде тIаде вачIуна росдал почтальон ва рагъул ветеран Алумирза. Гьес, ГIабдукъадирихъе цо кагъатги кьун, абуна: *«Гьалда гъулбас гьабе»*,- ян, ва гьесухъе 20 копеек кьола. Щиб кколеб бугебали бичIчIинчIел гьезда Алумирзаца абуна: *«Дуца колхозалъ росулъ ах чIеялъул хIакъалъулъ районалъул газеталде хъван букIанищ?»*- ан. ГIабдукъадирица гьеб тасдикъ гьабидал, почтальонас гьесда абуна: *«Гьале, гьелъухъ дуе бачIараб гIарац буго гьаб»*, -ан. Гьай-гьай, гьезул рохалие гIурхъи букIинчIо, гьеб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъги бицун, жиндиего хасиятаб махсаро-хочIалдалъун, ГIалиасхIабица СалихIиде абун буго: *«Гьеб лъугьа-бахъиналъго бижизабун батила дир хъвадариялде рокьи»*,- ян. Жиндирго пикраби дандракIарулел кинниги, угьун хIухьелги биччан, гьес гьединаби букIана, СалихI, заманан абун буго.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

# «Россиялъул тарих- дунялалъул тарих» форумалда

Дагъал церегIан къояз МахIачхъалаялъул «Россия-дир тарих» тарихалъул паркалда тIобитIана тарихалъулгун патриотикияб «Россиялъул тарих-дунялалъул тарих» форум.

Россиялъул рагъулабгун тарихалъул ДРОялъул ва Дагъистаналъул миллияб политикаялъулгун диниял ишазул министерствоялъул хIаракаталдалъун тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана нильер районалъул вакилзабиги.




Гьезда гьоркьор рукIана нильер районалъул руччабазул Советалъул председатель ПатIа Айтемирова, администрациялъул аппаратальe нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатова, Дилималъул №1 «Маргьа» лъималазул ахалъе нухмалъулей Хадижат МухIамадова, адвокатазул Палатаялъул адвокат Хадижат МухIудинова ва гIолилазул парламенталъул депутат Диана МухIамадова.

Форумалъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана тарих цIуниялда, гьеб щула гьабиялда, граждандияб бичIчIеналъул рахьал цебетIезабиялда ва КIудияб ВатIанияб рагъда умумуз бихьизабураб бахIарчилъи кIочон тезе бегьунгутIиялда хурхарал суалал.

КIалъазе рахьараз, гIатIид гьарун, рагьана тIадехун рехсарал суалал. Цебехун рехсараб РДялъул министерствоялъул министр Энрик Муслимовас, форумалда жигараб гIахьаллъи гьабуралъухъ, гьелъул гIахьалчагIазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

***Марьям-Асият ХIамзатова, районалъул администрациялъул аппаратальe нухмалъулей***

*30 июль-ралъдал рагъулаб флоталъул Къо!*

# ГIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазухъе щвана

Ахирисл соназ батIи-батIиял профессионалиял байрамазда гIуцIабаз, ресалда ругез, гIадатиял гIадамаз, цо-цо гIиллабаздалъун, гIумруялдаса ратIалъарал нильер гIолохъабазул хъизабазухъе



кумекалъулаб квер бегьиялъул тадбирал тIоритIи гIадатлъун лъугьун буго.

Гьединал ишазуль гIахьаллъулел тIолазго гьабулеб гурхIел-рахIмуялъулаб кумекалъул хIакъикъат нижеца, «Салатавия» сеталъул изданиялъ ва цогидалги информациялъул алатаз къватIибе кьечIогоги толаро.

Гьединал тадбиразул цояблъун букIана ралъдал рагъулаб флоталъул къоялда цебе тIобитIараб тадбирги. Районалъул бетIер XI.XI. Мусаевасул бихьизабиялдалъун ва «Нилъ-цадахъ» волонтёразул штабалъул хIаракаталдалъун, тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул, «Цолъараб Россия» партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул, гIолилазул парламенталъул ва рагъулаб комиссариаталъул вакилзаби.

Гьел, Каспиялъул флотилиялда рагъулаб хъулухъалда рукIарал, СВОялда гIахьаллъарал ва гьенир гIумруялдаса ратIалъарал МухIамад СагIадулаевасул (п. Дубки), ХIажимурад Адилбиевасул (Алмахъ) ва Имам-паша Абужанатовасул (Дилим) хъизабахъе щвана.

Гьез гьезие кванил нигIматаздасан данде гьарурал наборал кьуна ва хIажатаб кумек гьабизе жал кидаго хIадур ругин гьезиеян баянги гьабуна. ***Редколлегия***

# Кумек гьабиялъе квербакъана

Районалъул гIадамазда лъикI лъала Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъулел мухъилъ вукIарав Дилималдаса ХIасан Маликовас, жиндирго харжалдалъун, гIолохъабазе битIизе тIадагьаб автома-



шинаги босана.

нильер гIолохъабазе кумекги гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул умумуз гьелъулъ жигараб гIахьаллъиги гьабулеб букIин.

Гьал къояз, рехсаразе иргадулаб кумек гьабун, Украиналде чара гьечIого хIажатаб къайигун, цоги машина битIана. Гьеб битIиялъул Айгуп Абужанатовас жигараб гIахьаллъи гьабуна. (Гьесул вас Имам-паша (ж.м.ч.) СВОялда гIумруялдаса ватIалъана.)

Айгуп цо чанго нухалда щвана Украиналда тIобитIулеб хасаб операциялда гIахьаллъулел нильер гIолохъабазухъе.

Гьес бицана: *«Гьаб нухалда нижеца битIулеб буго нильер гIолохъабазе хIажатаб къайи-цIа: кванил нигIматал, рацIцIалъи чIезабиялъе алатал, ремlел, одеялал, моторал, бензиналъул хъухъадираби ва цогидаби»*, - ян.

Гьелдаго цадахъ, жалго бетIергьанаб «Вагнер» рагъулаб компаниялъул

Районцоязда лъалеб батила ХIасанил вац ХIосен рагъулаб операциялда гIумруялдаса ватIалъараблъи. Гьезул кIудияв вац Ислам, жиндиего бокьун ва къотIи-къайги хъван, СВОялде ана.

Районалъул администрациялъ, депутатаз, гIадатиял гIадамаз гьабулеб кумек ккола цIакъго жиндир кIвар цIикIкIараб ишлъун ва бергьенлъи гIагар гьабиялъулъ лъолеб бугеб къиматаб бутIалъун. Нильер районалъул гIадамазул гIатIидал ракIал руго. Гьеб бихьула, цо чанго нухалда, нильер гIолохъабазе кумек гьабун, СВОялда гIахьаллъулезе къайи-цIа, хIажатал алатал ва цодагьщинаб битIиялъулъ, гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазе гьоркьоб къотIи гьечIеб кумек гьабиялъулъ.

РакI-ракIалъулаб баркала буго Украиналда ругел нильер гIолохъабазе кумек гьабулел тIолазего.

***Ибрагьим Булатханов, «Нилъ цадахъ» волонтёразул штабалъул координатор***

# Прокуратура информирует

## Предельные ставки по потребительским кредитам еще больше ограничили

С 1 июля вступил в силу ряд поправок в Закон о потребительском кредитовании. Так, процентная ставка по договору теперь не может превышать 0,8% в день, ранее лимит составлял 1%.

Также действует еще ряд ограничений:

- для договоров на срок не более года - запрет начислений после того, как их сумма достигнет 130% кредита. Прежний потолок - 150%;

- полная стоимость кредита или займа на момент заключения договора теперь ограничена 292% годовых вместо прежних 365%.

Скорректировали одно из условий, чтобы не применять ограничения ставки и полной стоимости кредитов к договорам на срок не более 15 дней и на сумму не более 10 тыс. руб. Кредитор не должен производить никаких начислений кроме 0,1% за день просрочки по достижении 15% порога фиксируемой суммы платежей. Раньше порог был 30%.

*Ш.М. Магомедов, помощник прокурора*

# Информация

## о приеме заявок и условиях республиканского конкурса на лучший антитеррористический контент

Агентство информации и печати Республики Дагестан объявляет прием заявок на участие во втором в 2023 году республиканском конкурсе на лучший антитеррористический контент (далее - Конкурс). Конкурс проводится в соответствии с государственной программой Республики Дагестан «Комплексная программа противодействия идеологии терроризма в Республике Дагестан».

Цель Конкурса – усиление активности медиасообщества Республики Дагестан, направленной на информационное противодействие идеологии терроризма в Республике Дагестан.

Участниками Конкурса могут быть электронные, печатные средства массовой информации, сетевые издания Республики Дагестан, информационные агентства, теле-радиовещательные компании, производственные организации (телевизионные студии, продюсерские центры, творческие объединения), интернет-порталы, рекламные агентства, а также авторы (авторские коллективы), чьи материалы антитеррористической направленности были опубликованы, размещены в эфире, в сети Интернет в 2023 году.

Номинации Конкурса и требования к конкурсным работам:

**- документальный фильм, теле-/ радиопередача, размещенные в теле-/ радиоэфире,** хронометраж – не более 30 минут;

**- публикация в социальных медиа** (пост, видеоролик, вайн), хронометраж видеороликов – не более 2 мин, объем поста – не более 5000 знаков (с пробелами);

**- публикация в печатном и интернет-СМИ** (статья, очерк), объем печатных работ – от 4000 до 12000 знаков без учета пробелов.

Основанием для участия в Конкурсе являются представленные в Комиссию собственноручно заверенные авторами, или их уполномоченными представителями, или руководителями СМИ заявки для участия в Конкурсе.

Состав заявки:

- заявление (свободная форма) автора, или его уполномоченного представителя, или руководителя СМИ на имя руководителя Агентства информации и печати Республики Дагестан, содержащая следующую информацию: фамилия, имя, отчество автора, должность, название публикации, дата опубликования материала в СМИ, социальных медиа или выхода в эфир, название СМИ, телефон и адрес электронной почты для связи;

- конкурсная работа (материал). Видеоматериалы и аудиоматериалы представляются на электронном носителе;

- эфирная справка (для участников конкурса в номинации «Документальный фильм, теле-/ радиопередача, цикл теле-/ радиопередач»);

- экземпляр издания с опубликованной работой, представленной на конкурс (для публикаций в печатных СМИ);

- ссылки на материалы, размещенные в Интернет-СМИ или социальных медиа, а также цветные скриншоты, содержащие браузерную строку с читаемой ссылкой на материал;

- данные об охвате материалом аудитории в Республике Дагестан, скриншоты со статистикой, содержащей информацию о количестве сохранений, пересылок, комментариев и др.

Срок приема заявок – с 24 июля по 30 ноября 2023 г.

Комиссия рассматривает поданные в срок заявки и объявляет победителей до 10 декабря 2023 года.

Для победителей Конкурса учреждаются премии в номинациях:

**- документальный фильм, теле-/ радиопередача, размещенные в теле-/ радиоэфире,** общий фонд составляет 150 тыс. руб., включая: первая премия – 70 тыс. рублей, вторая – 50 тыс. рублей; третья – 30 тыс. рублей.

**- публикация в социальных медиа** (пост, видеоролик, вайн), общий фонд составляет 130 тыс. руб., включая: первая премия 60 тыс. рублей; вторая - 40 тыс. рублей; третья - 30 тыс. рублей;

**- публикация в печатном и интернет-СМИ**, общий фонд составляет 120 тыс. руб., включая: первая премия – 50 тыс. рублей, вторая – 40 тыс. рублей, третья - 30 тыс. рублей.

Награды присуждаются за глубокое и яркое освещение тематики, художественную выразительность материала, содержательную ценность, соответствие содержания потребностям целевых аудиторий, профессионализм и оригинальность подачи материалов, степень охвата аудитории.

Журналистские и авторские работы направляются по адресу: г. Махачкала, ул. Насрутдинова, 1а (2-й этаж), каб. 1, Агентство информации и печати РД, отдел по работе со СМИ. Копии материалов направляются на электронный адрес: konkurs@rd-press.ru с пометкой «Антитеррор».

Информация предоставляется по телефону 8(8722)51-03-54.

Итоги Конкурса обнародуются в республиканских средствах массовой информации и на сайте Агентства https://rd-press.ru/.

Положение о Конкурсе размещено на сайте Агентства https://rd-press.ru/ в разделе «Документы», подраздел «Конкурсы и гранты».

# Сроки оказания медицинской помощи

У граждан есть достаточно широкий круг прав в системе ОМС, но не все о них знают и начинают интересоваться только когда возникают проблемы со здоровьем. Одной их причин частых обращений в страховую компанию является длительное ожидание оказания медицинской помощи, несоблюдение сроков предоставления медицинских услуг. А ведь сроки регламентированы и прописаны в программе государственных гарантий, которая ежегодно утверждается Правительством РФ и действует на всей территории РФ. Также, для каждого региона ежегодно утверждается Территориальная программа государственных гарантий, где сроки могут быть даже сокращены, в зависимости от региональной возможности.

Сроки оказания медицинской помощи:

- оказание медицинской помощи в экстренной форме осуществляется безотлагательно;

- сроки ожидания приема участковыми врачами-терапевтами, врачами общей практики (семейными врачами), врачами-педиатрами участковыми не должны превышать 24 часов с момента обращения пациента в медицинскую организацию;

- сроки ожидания оказания первичной медико-санитарной помощи в неотложной форме не должны превышать 2 часов с момента обращения пациента в медицинскую организацию;

- сроки проведения консультаций врачей-специалистов (за исключением подозрения на онкологическое заболевание) не должны превышать 14 рабочих дней со дня обращения пациента в медицинскую организацию;

- сроки проведения консультаций врачей-специалистов в случае подозрения на онкологические заболевание не должны превышать 3 рабочих дня;

- сроки проведения диагностических инструментальных (рентгенографические исследования, включая маммографию, функциональная диагностика, ультразвуковые исследования) и лабораторных исследований при оказании первичной медико-санитарной помощи, не должны превышать 14 рабочих дней со дня назначения исследований (за исключением исследований при подозрении на онкологическое заболевание);

- сроки проведения компьютерной томографии (включая однофотонную эмиссионную компьютерную томографию), магнитно-резонансной томографии и ангиографии при оказании первичной медико-санитарной помощи (за исключением исследований при подозрении на онкологическое заболевание) не должны превышать 14 рабочих дней со дня назначения;

- сроки проведения диагностических инструментальных и лабораторных исследований в случае подозрения на онкологические заболевания не должны превышать 7 рабочих дней со дня назначения исследований;

- срок установления диспансерного наблюдения врача-онколога за пациентом с выявленным онкологическим заболеванием не должен превышать 3 рабочих дня с момента постановки диагноза онкологического заболевания;

- сроки ожидания оказания специализированной (за исключением высокотехнологичной) медицинской помощи, в том числе для лиц, находящихся в стационарных организациях социального обслуживания, не должны превышать 14 рабочих дней со дня выдачи лечащим врачом направления на госпитализацию, а для пациентов с онкологическими заболеваниями-7 рабочих дней с момента гистологической верификации опухоли или с момента установления предварительного диагноза заболевания (состояния);

- время доезда до пациента бригад скорой медицинской помощи при оказании скорой медицинской помощи в экстренной форме не должно превышать 20 минут с момента ее вызова. При этом время доезда бригад скорой медицинской помощи может быть обоснованно скорректировано с учетом транспортной доступности, плотности населения и географических особенностей территории.

При выявлении злокачественного новообразования лечащий врач направляет пациента в специализированную медицинскую организацию (специализированное структурное подразделение медицинской организации), имеющую лицензию на осуществление медицинской деятельности с указанием работ (услуг) по онкологии, для оказания специализированной медицинской помощи, в сроки, установленные настоящим разделом.

В медицинских организациях, оказывающих специализированную медицинскую помощь в стационарных условиях, ведется лист ожидания специализированной медицинской помощи, оказываемой в плановой форме, и осуществляется информирование граждан в доступной форме, в том числе с использованием информационно-телекоммуникационной сети Интернет, о сроках ожидания оказания специализированной медицинской помощи с учетом требований законодательства Российской Федерации о персональных данных.

*Магомедбег Исмаилов, главный специалист ТФОМС РД г. Хасавюрт*

**БетІерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГІабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхІажиев
**Набор:** М.М. ХІайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхІажиева ва З.ХІ. ХІасанова
**Фотокорреспондент:** ГІ.ХІ. ХІамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 сональул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахІачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хІадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХІакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул ва цоцидалги баяназул жаваб авторас кьола**